



Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun an 2021

SA KI FONDAMANTAL YO

KISA?

Pou ane fiskal 2021 an, fanmi k ap reklame enpo pou timoun nan ap resevwa:

- Jiska \$ 3,000 pou chak timoun ki kalifye ki gen ant 6 ak 17 lane nan fen ane 2021.
- Jiska \$3,600 pou chak timoun ki kalifye ki gen mwens pase 6 lane nan fen ane 2021

Total pèman avans yo ap jiska 50 pousan Kredi Enpo pou Timoun nan.

KIYÈS?

Kredi maksimòm nan disponib pou kontribyab ki gen yon revni brit ajiste:

- \$75 000 oswa mwens pou moun ki anrejistre selibatè ak moun marye ki ranpli deklarasyon separe.
- \$112 500 oswa mwens pou chèf fanmi ak
- \$150 000 oswa mwens pou koup marye k ap ranpli yon deklarasyon konjwen epi vèf ak vèf kalifye yo.

Kontribyab ki kalifye yo pa bezwen antreprann okenn aksyon kounye a, se sèlman ranpli deklarasyon enpo 2020 yo si yo poko fè sa. Kontribyab yo ka benefisye kredi a menmsi yo pa gen revni k ap rantrè oswa yo pa dwe okenn enpo sou revni.

KILÈ?

Pèman avans Kredi Enpo pou Timoun 2021 yo pral fèt chak mwa soti 15 jiyè rive 15 desanm bay kontribyab ki kalifye, ki gen kay nan peyi Etazini pandan plis pase mwatye nan ane a.

KÒMAN?

- Pèman avans yo pral kalkile ak peye otomatikman.
- Kontribyab ki kalifye ki pa vle resevwa pèman avans kredi enpo 2021 pou timoun yo ka anile enskripsyon yo nan pèman an.
- Kontribyab ki kalifye ki pa ranpli nòmalman yon deklarasyon enpo ka enskri pou pèman avans chak mwa yo lè yo sèvi avèk **Zouti Enskripsyon Non-Deklaran an**.

Vizite

[IRS.gov/childtaxcredit2021](https://www.irs.gov/childtaxcredit2021)

Pou plis enfòmasyon ak aksè nan zouti sou entènèt yo.